


Chak fanmi diferan, epi chak fanmi merite sa ki pi bon.

Pwogram Family Bridge la la pou sipòte chak fanmi ak tou sa yo ta ka bezwen nan premye semèn ak premye mwa yo ak yon ti bebe--soti nan chèk sante, nan sipò pou kòman pouw bay manje, nan jwenn aksè pou bagay esansyèl pou ti bebe ki fèk fèt, ak plis ankò.



“Tout bagay nouvo lè ou mennen yon ti bebe lakay ou. Manje, dòmi, chanje. Le fèt ke gen yon enfimye lakay ou pou ede ou aprann sou bagay sa yo te gwo pou nou tou de.”

Travion

**Travion C,
nuovo papa**



**Pou plis enfòmasyon sou
Family Bridge ale sou:
tvcca.org/family-bridge
oswa voye yon imèl ba nou nan
familybridge.easternct@tvcca.org**



**Thames Valley Council for
Community Action, Inc.**

La vini, ou ka konte sou nou

Jwenn yon vizit gratis lakay ou de yon infimye pou ou menm ak nouvo ti bebew la de Family Bridge pwogram TVCCA la.



Chak fanmi merite yon ti plis swen ak atansyon lè yo pote yon nouvo ti bebe lakay yo.

Se Pou Sa Nou La

Family Bridge Eastern CT disponib nan anpil kominote lopital Backus sèvi. Nou vle rann lavi yon ti kras pi fasil pou paran ki gen ti bebe ki fèk fèt--konsa nou vin jwenn ou, **gratis**, pou asirew ke ou gen tout sa ou bezwen pou pran swen tèt ou, ti bebew la, ak tout fanmiw.



Men ki jan li fonksyone:



Nou pran kontak avèk ou pou planifye vizit ou a

Ou pa oblije fè anyen davans pouw pran yon randevou pou vizit ou a—yon manm ekip Family Bridge la ap vin wèw pandan ou lopital la oswa ap relew apre w rive lakay ou pou wè siw ta renmen yon vizit lakay ou, epi jwenn pi bon moman pou ou ak fanmi ou pou vizit la.



Yon enfimyè vin lakay ou

Yon enfimyè ap vin lakay ou pou tcheke tibebe a, paran ki akouche a, ak tout fanmi an. Ou pito fè vizit ou deyò lakay ou? Ou ka fè sa tou--enfimyè ou a ap vini kenpòt kote ki pi bon pou ou.



Ou jwenn sipò ak tout sa ou bezwen

Vizit ou a se yon espas ki an sekirite pou ou jwenn swen ak sipò ou bezwen. Enfimyè ou a la pou bay swen, reponn kesyon ou yo, epi konekte ou ak resous kominotè ki pral asire ou menm ak fanmi ou gen tout sa ou bezwen pouw kontan ak an sante.

Tibebe vini ak anpil kesyon; yon manm ekip Family Bridge ka ede reponn yo.

Men kèk nan bagay enfimyèw la ka edew:



Èd pou ti bebe a

- Tcheke pwa tibebe a
- Enfòmasyon pou dòmi an sekirite
- Manje tibebe ak siyal grangou
- Ede ak benyen, kouchèt, ak swaddling



Èd pou paran ki akouche a

- Chèk sante paran ki akouche a
- Sipò pou koman pouw bay manje
- Konsèy planifikasyon famiyal
- Depistaj depresyon apre akouchman



Èd pou fanmi an

- Planifye randevou doktè
- Konprann opsyon gadri
- Enfòmasyon sou alfabetizasyon bonè
- Resous kominotè ak koneksyon

